

ADMINISTRASYON RESOUS IMÈN NEW YORK CITY [Haitian-Creole]

Avi pou Odyans Piblik ak Posiblité pou fè Kòmantè sou Règ nou Pwopoze

Kisa nou pwopoze? Administrasyon Resous Imèn New York City (HRA) a pwopoze pou anile règ ki la kounye a ki rele “Distribisyon Alimantè ak Fon Administratif pou Founisè Manje ann Ijans” epi pou mete yon lòt règ nan plas li ki rele “Pwogram Èd Alimantè ann Ijans”. Nouvo règ la ap bay HRA pi gwo posiblité pou distribiye fon alimantè ak administratif bay founisè danre alimantè ann ijans yo, sa ki ap pèmèt HRA konble bezwen alimantè kominote yo yon fason ki efikas, lè yo rive.

Kilè ak kikote yo ap fè odyans lan? HRA pral òganize yon odyans piblik sou règ li pwopoze a. Odyans piblik la ap fèt a distans sou Zoom vandredi 12 out 2022 a 10:00 a.m. Moun ki ta renmen suiv odyans lan kapab patisipe sou:

Zoom (videyo ak odyo):

<https://us02web.zoom.us/j/85469930699?pwd=-zCjaaw6YqJfZHeu51DXAuITkbCHqg.1>

Oswa ale nan www.zoom.us, kliké sou “join a meeting” epi antre ID reyinyon 854 6993 0699. (paskòd: DSS)

Telefòn (odyo sèlman):

+1 646 876 9923 US (New York)
ID Reyinyon: 854 6993 0699

Kijan pou mwen fè kòmantè sou règ yo pwopoze a? Nenpòt moun kapab fè kòmantè sou règ yo pwopoze a sou:

- **Sit Entènèt.** Ou kapab soumet kòmantè yo bay HRA sou sit entènèt règ NYC yo nan <http://rules.cityofnewyork.us>.
- **Imèl.** Ou ka voye kòmantè yo pa imèl nan NYCRules@hra.nyc.gov. Tanpri mete “Pwogram Èd Alimantè ann Ijans” oswa “EFAP” nan liy sijè a.
- **Kourye.** Ou kapab voye kòmantè yo pa kourye nan:

HRA Rules
c/o Office of Legal Affairs
150 Greenwich Street, 38th Floor
New York, NY 10007

Tanpri montre byen klè se sou règ EFAP a ou ap fè kòmantè.

- **Faks.** Ou kapab voye kòmantè yo pa faks nan 917-639-0413. Tanpri mete “EFAP” nan liy sijè a.
- **Pran lapawòl nan odyans lan.** Ou kapab enskri pou ou pale nan odyans lan lè ou rele nan 929-221-7220 oswa lè ou voye imèl nan NYCRules@hra.nyc.gov nan oswa anvan kòmansman odyans lan nan dat 12 out 2022. Yo ap rele moun ki pral pran lapawòl yo nan lòd yo te enskri a epi yo ap kapab pale jiska twa (3) minit.

Èske gen yon dat limit pou soumèt kòmantè yo? Dat limit pou soumèt kòmantè yo se 12 out 2022 a minui. HRA dwe resevwa kòmantè yo, san wete sa yo voye pa kourye yo nan dat oswa anvan dat 12 out 2022 a.

E si mwen bezwen èd pou m patisipe nan odyans lan? Ou dwe di nou si ou bezwen sèvis pou entèprete lang oswa yon aranjman rezonab pou ou patisipe nan odyans lan. Ou kapab di nou sa pa imèl nan NYCRules@HRA.nyc.gov oswa pa telefòn nan 929-221-7220. Tanpri, di nou sa alavans pou nou kapab jwenn ase tan pou fè aranjman yo. Tanpri di nou sa anvan 5 out 2022.

Èske m kapab wè kòmantè yo fè sou règ yo pwopoze yo? Ou kapab wè kòmantè yo fè anliy sou règ nou pwopoze yo lè ou ale sou sit entènèt <http://rules.cityofnewyork.us/> la. Yon ti tan apre odyans lan, kopi tout kòmantè yo fè anliy yo, tout kòmantè yo fè alekri, ak yon rezime tout kòmantè ki fèt pandan yo t ap pale sou règ nou pwopoze a ap disponib pou publik la sou sit entènèt HRA a.

Ki sa ki bay HRA otorizasyon pou li etabli règ sa a? Se Seksyon 603 ak 1043 Manman Lwa Vil la ak Seksyon 34 Lwa sou Sèvis Sosyal New York la ki bay HRA otorizasyon pou li etabli règ sa a nou pwopoze a.

Ki kote Mwen kapab jwenn règ HRA yo? Règ HRA yo parèt nan tit 68 ki nan Règleman New York City yo.

Èske règ yo pwopoze a antre nan pwogram règlemantasyon HRA a? Non. Yo pa t prevwa vin ak règ sa a lè HRA te pibliye pwogram règlemantasyon li an ki pi resan an.

Ki lwa ki regle pwosesis pou etabli règ yo? HRA dwe respekte egzijans Seksyon 1043 ki nan Manman Lwa Vil la lè li ap etabli oswa chanje règ yo. Yo fè avi sa a selon egzijans Seksyon 1043 ki nan Manman Lwa Vil la.

Deklarasyon sou Fondman ak Objektif Règ ki Pwopoze a

Departman Sèvis Sosyal/Administrasyon Resous Imèn New York City a (DSS/HRA) pwopoze pou anile Chapit 4 nan Tit 68 Règleman New York City a, aktyèlman ki rele "Distribisyon Alimantè ak Fon Adminitratif pou Founisè Manje ann Ijans" epi pou mete yon novo règ nan plas li ki rele "Pwogram Èd Alimantè ann Ijans" (EFAP). Règ yo pwopoze a ap bay HRA yon pi gwo posiblite pou distribiye danre alimantè ak administratif bay founisè danre alimantè ann ijans yo, sa ki ap pèmèt HRA konble bezwen alimantè kominote yo yon fason ki efikas, lè yo rive.

Pami lòt chanjman yo, règ yo pwopoze a ranplase metòd HRA suiv aktyèlman pou distribiye fon pou founisè danre alimantè ann ijans yo. Metòd ki la kounye a baze sèlman sou kantite moun yo te sèvi nan ane ki vin anvan an. Nouvo metòd la konsidere plizyè aspè, tankou bezwen alimantè ki gen aktyèlman nan kèk zòn jeyografik oswa pamì kèk popilasyon byen presi. Lè HRA chanje metòd pou distribiye fon an fason sa a, li ap gen posiblite fè chanjman nan pwogram yo ak nan fon yo ki koresponn ak kòmantè founisè yo fè epi ak fason bezwen pou jwenn manje ann ijans lan ap chanje byen vit nan Vil la. Epitou, règ yo pwopoze a montre kapasite HRA genyen pou li ranbouse òganizasyon ki pa gen objektif fè lajan yo, pou depans yo fè pou enfrastrikti epi pou yo fonksyone, epi pou yo kreye novo powgram alimantè ann ijans ki bezwen finansman EFAP oswa pou elaji pwogram alimantè ann ijans ki deja la yo.

Yo pwopoze règ sa a ann akò avèk otorite Komisyonè DSS la sou baz Seksyon 603 ak 1043 Manman Lwa New York City a ak Seksyon 34 Lwa sou Sèvis Sosyal New York la.

Règ nou pwopoze a

Seksyon en (1). Nou ANILE Chapit 4 nan Tit 68 ki nan Règleman New York City a, ki gen rapò ak distribisyon alimantè ak fon administratif pou founisè danre alimantè ann ijans yo, epi nou elabore yon nouveau Chapit 4 ki di konsa:

CHAPIT 4: PWOGRAM ÈD ALIMANTÈ ANN IJANS

§ 4-01 Definisyon. Selon objektif chapit sa a, men ki sa tèm ki vin annapre yo vle di:

- a) “Commissioner” siyifi Komisyonè DSS yo oswa reprezantan li yo.
- b) “DOHMH” siyifi Depatman Sante ak Ijyèn Mantal New York City a.
- c) “EFAP” siyifi Pwogram Èd Alimantè Ann Ijans yo pale de li nan chapit sa a.
- d) “Pwogram alimantè ann ijans” siyifi yon pwogram ki pèmèt moun ki pa gen ase revni pou konble bezwen ijan yo genyen pou yo manje, jwenn danre alimantè yon kote ki fiks oswa nan yon inite mobil. Nan yon “pwogram alimantè ann ijans” yo kapab bay aliman yo sou fòm repa moun yo kapab manje anplas oswa yon lòt kote, oswa aliman pou yo prepare pou yo manje yon lòt kote.
- e) “Founisè danre alimantè” oswa “founisè” siyifi yon òganizasyon ki ap jere yon pwogram alimantè ann ijans.
- f) “HRA” siyifi Administrasyon Resous Imèn New York City.

§ 4-02 Jesyon Pwogram lan.

HRA dwe jere yon Pwogram Èd Alimantè ann Ijans ki respekte sa ki di nan chapit sa a, pou ede founisè danre alimantè aktyèl yo lè li fè yo jwenn danre yo. Selon fon ki disponib yo, HRA kapab ranbouse founisè danre alimantè yo pou depans ki gen rapò ak distribye danre nan kad pwogram EFAP epi li kapab mete fon disponib pou founisè danre alimantè EFAP yo, oswa lòt òganizasyon ki pa gen objektif fè lajan ki vle vin

founisè danre alimantè EFAP, pou ede yo etabli oswa elaji kapasite pou yo fonksyone,
ogmante sèvis oswa chèche mwayen pou bay plis moun danre alimantè.

§ 4-03 Gwoup Konsiltatif EFAP.

Administratè Pwogram EFAP la dwe seleksyon yon gwoup konsiltatif ki ap gen manm aktif ki nan oswa ki enplike nan fè pwogram alimantè ann ijans New York City a fonksyone. Se manm Gwoup Konsiltatif EFAP yo ki dwe ofri tèt yo pou yo sèvi, san yo pa peye yo, epi selon sa Administratè Pwogram EFAP a vle. Gwoup konsiltatif EFAP la dwe reyini omwen chak sis (6) nwa epi yo dwe bay HRA rapò sou fason Pwogram Èd Alimantè Ann Ijans lan ap fonksyone, tankou sa ki gen rapò ak danre alimantè pwogram nan ofri yo epi ak sèvis distribisyon ki asosye avèk li.

§ 4-04 Sètifikasyon Founisè Danre Alimantè.

a) HRA dwe kenbe yon lis founisè danre alimantè EFAP sètifye ki elijib pou resevwa repatisyon danre nan men HRA sou baz chapit sa a.

b) Pou yon founisè vin yon founisè danre alimantè EFAP ki sètifye, li dwe soumèt yon demann bay HRA epi li dwe respekte egzijans sa yo:

1) Founisè a dwe gen yon estati egzanpsyón fiskal selon Internal Revenue Code § 501(c)(3) a.

2) Si founisè a bay danre alimantè pou sèvis la fè separasyon endividyèl la dirèkteman bay konsomatè yo, kit yo ap manje yo sou plas oswa yon lòt kote, founisè a dwe gen yon Lisans Etablisman Alimantè DOHMH valab ki otorize sèvis sa a.

3) Founisè a dwe montre HRA kapasite li genyen pou respekte egzijans pwogram nan jan sa parèt nan seksyon 4-05 la, tankou lè li demonstre li déjà ap respekte egzijans ki parèt nan sou-seksyon (a) rive nan (p) seksyon 4-05 la, ki aplikab, toutpandan li montre li ap jere danre alimantè li resevwa nan men lòt sous yo.

c) Founisè a dwe fè demann pou li vin yon founisè danre alimantè EFAP nan yon lè ak yon fason HRA chwazi. HRA dwe fè yon vizit nan lokal la nan kad pwoesis pou aplike a. HRA kapab, selon jan li vle, ouvri oswa fèmen pwofesis demann pou founisè ki ap bay sèvis nan zòn jeyografik oswa pamì popilasyon byen presi yo.

d) Si yo apwouve demann founisè a, li dwe siyen yon kontra founisè kote li montre li pran angajman pou li respekte egzijans pwogram nan ki parèt nan seksyon 4-05. Apre HRA fin resevwa yon kontra founisè ki gen siyati founisè ki apwouve a, li dwe sètifye founisè a kòm founisè danre alimantè EFAP.

§ 4-05 Egzijans Pwogram nan.

Founisè a dwe dakò avèk epi respekte egzijans pwogram nan ki vin annapre yo:

a) Yo dwe distribiye danre alimantè yo gratis san yo pa gade sou ras, koulè, orijin nasjonal, reliyon, afilyasyon/kwayans, sèks, andikap, laj, lineyaj oswa estati sitwayènte, eta sivil oswa plasaj, gwosès, estati veteran, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, oswa nenpòt lòt gwoup ki pwoteje selon lwa ki aplikab la.

b) Danre alimantè yo dwe disponib pou piblik la an jeneral. Se pa dwe sèlman manm yon òganizasyon ki pou distribiye danre yo.

c) Yo pa dwe distribiye danre alimantè yo nan kad yon aktivite politik oswa reliye.

d) Founisè a dwe fè pwogram alimantè ann ijans li an fonksyone selon yon kalandriye regilye epi ki konsistan HRA apwouve alekri.

e) Founisè a dwe chèche jwenn epi konsève danre alimantè ak fon ki soti lòt kote apa HRA.

f) Founisè a dwe konsève resous ki apwopriye yo (tankou danre, pwovizyon, volontè, espas, ak plan distribisyon yo) pou li kapab pi fasil pou distribisyon danre alimantè yo byen fèt epi yon fason ki efikas.

g) Founisè a dwe fè tout sa li kapab pou li bay repa ki bon pou sante ak ti sak pwovizyon alimantè ki ekilibre, toutpandan li ap konsidere restriksyon alimantè ak alèji

alimantè moun ki ap chèche jwenn manje yo te fè li konnen. Depi sa posib, founisè a ta dwe konsidere preferans kiltirèl gwoup moun li ap sèvi yo tou.

h) Danre alimantè yo dwe stoke, prepare, sèvi epi distribiye nan lokal HRA otorize yo ann akò avèk egzijans DOHMH yo.

i) Founisè a pa dwe stoke oswa distribiye danre alimantè yo nan yon rezidans prive, yon kay oswa apatman oswa yon veyikil ki gen motè sof si veyikil ki gen motè a gen yon otorizasyon valab pou fonksyone kòm yon sèvis restoran mobil ki respekte Kòd Sanitè New York State la.

j) Anvan danre alimantè yo ekspire, yo dwe itilize yo sèlman pou sèvi moun ki nan bezwen, epi yo pa dwe chanje yo pou lòt bagay, vann yo oswa detwi yo.

k) Founisè a dwe distribiye danre alimantè yo anvan yo ekspire epi li dwe baze sou dat ekspirasyon yo pou li fè distribisyon an. Si danre alimantè yo gen pwodui ki fre ladan yo, founisè a dwe distribiye pwodui ki fre yo kou li resevwa yo anvan yo kòmanse gate. Si nenpòt nan danre alimantè EFAP yo gate oswa yo ekspire, founisè a dwe fè HRA konn sa anvan li debarese li ak yo.

l) Yo pa dwe re-distribiye dantre alimantè yo bay lòt òganizasyon.

m) Yo pa dwe mande moun ki ap resevwa danre alimantè yo pou yo:

1) Fè yon don;

2) Peye pou danre yo;

3) Fè echani sèvis pou danre yo;

4) Patisipe nan aktivite reliye oswa politik; oswa

5) Bay prèv ki montre yo nan bezwen kòm yon egzijans pou yo resevwa danre yo.

n) Founisè a dwe:

1) Kenbe yon rejis dokiman ki montre fason yo resevwa epi distribiye tout danre alimantè EFAP yo.

- 2) Kenbe resi ki montre tout depans ki gen rapò ak distribisyon danre alimantè EFAP yo.
- 3) Kenbe tout dosye yo pandan twa (3) zan apati fen ane sivil yo te travay sou yo a, epi bay manm pèsonèl HRA a otorizasyon pou verifye dosye sa yo.
- 4) Kenbe yon kopi dosye ki montre fason yo te resevwa epi distribiye danre yo nan lokal distribisyon an.
- 5) Enfòme lapolis zòn nan ak HRA sizoka gen vòl, kraze brize oswa lòt ijans.
- 6) Kenbe pèmi ak lisans ki nesesè pou resevwa epi distribiye danre alimantè EFAP yo.
- 7) Kenbe nan dosye yo verifikasyon IRS fè pou Nimewo Idantifikasiyon Patwon Federal (EIN) li a ak estati egzanpsyon taks la.
- o) Founisè a dwe gen yon mwayen ki akseptab pou HRA konte kantite moun li te sèvi yo.
- p) Founisè a dwe soumèt, nan yon fòm oswa yon fason HRA fikse, yon rapò estatik egzak chak mwa, tankou done sou kantite moun li te sèvi chak mwa, ansam ak tout lòt enfòmasyon statistik HRA kapab mande li.
- q) Founisè a dwe fè 311 konnen jou ak lè li fonksyone yo, epi founisè a dwe sèvi nenpòt moun 311 voye al sou sit la.
- r) Founisè a dwe reponn nenpòt plent yo te depoze kont li, HRA te resevwa epi li te fè li konn sa apre.
- s) Founisè a dwe pèmèt manm pèsonèl HRA yo vizite lokal la jan yo egzije sa selon chapit sa a.
- t) Founisè a dwe bay enfòmasyon, nan yon fòm oswa yon fason HRA chwazi, konsènan Pwogram Asistans Nitrisyon Siplementè a (oswa tout lòt pwogram ki vin apre).
- u) Founisè a dwe enfòme HRA epi resevwa apwobasyon li anvan li fèmen lokal li pral stoke oswa distribiye danre alimantè yo oswa avan li fè chanjman nan jou ak lè li fonksyone, kit se tanporè oswa pèmanan. Epitou, founisè a dwe fè HRA konn tout chanjman ki fèt nan enfòmasyon pou kontakte li yo nan bon moman.

v) Founisè a pa dwe itilize fon administratif li resevwa sou baz chapit sa a pou depans yon lòt òganizasyon deja ranbouse tout kòb la oswa yon pati nan kòb la.

w) Founisè a pa dwe itilize danre alimantè oswa fon li resevwa sou baz chapit sa a pou ranplase fon yo bay grasa yon kontra gouvènman an fè pou bay yon popilasyon byen presi repa, tankou nan sant pou moun aje yo oswa nan pwogram tretman ki pa nan rezidans yo.

x) Founisè a dwe kolabore avèk HRA nan pwogram administrasyon EFAP li a.

§ 4-06 Repatisyon ak Modifikasyon Danre Alimantè.

a) Selon fon ki disponib yo, omwen yon fwa pa ane, HRA oswa yon reprezantan li dwe fè repatisyon aliman yo bay founisè danre alimantè EFAP ki sètifye yo, nan fòm oswa yon liy kredi founisè a kapab itilize pou jwenn danre alimantè yo nan men vandè ki gen kontra ak HRA yo. Pami bagay yo dwe konsidere lè yo ap fè repatisyon aliman yo pou chak founisè danre alimantè, dwe gen bezwen kominode a, kapasite founisè a, pèfòmans li anvan sa, ansanm ak entegrasyon epi ekite rasyal.

b) HRA kapab ajiste repatisyon aliman yo sou baz kèk bagay tankou:

1) Lè yo pa soumèt rapò estatistik chak mwa yo;

2) Lè yo soumèt rapò estatistik chak mwa ki pa egzak;

3) Lè gen chanjman nan estati founisè EFAP la, soti nan aktif pou ann atant oswa fèmen;

4) Lè founisè a mande pou yo redui nan repatisyon li yo;

5) Lè bezwen alimantè ann ijans yo depase kantite nòmal EFAP ta dwe bay la (pa egzanp, bezwen akoz yon ensandi, yon sitiyasyon ijans oswa yon ijans pou sante piblik);

6) Diminisyon nan finansman EFAP; oswa

7) Lè gen chanjman demografik, chanjman pwojeksyon demografik, oswa chanjman nan pwogram alimantè ki disponib pou sèvi yon zòn byen presi.

c) Lè yo sètifye yon founisè kòm founisè danre alimantè EFAP epi sa pa ba li garanti li ap resevwa repatisyon danre alimantè selon seksyon sa a.

§ 4-07 Ranbousman depans ki gen rapò ak Distribisyon Danre Alimantè.

Selon fon ki disponib yo, HRA kapab ranbouse founisè danre alimantè EFAP yo pou depans rezonab yo fè pou bay danre alimantè yo resevwa pa mwayen pwogram EFAP la, akondisyon EFAP te finanse founisè sa a nan moman yo t ap fè depans sa yo, tankou sèvis publik, ekipman ki gen rapò ak distribisyon, stoke ak prepare danre alimantè; pwodui pou sèvis alimantè; reparasyon; epi manm pèsonèl. Founisè danre alimantè yo kapab aplike pou ranbousman sa a nan yon lè ak yon fason HRA fikse. Founisè danre alimantè yo pa kapab mande finansman pou depans yon lòt sous finansyè déjà garanti.

§ 4-08 Sibvansyon pou Ranfòse Kapasite.

Selon fon ki disponib yo, HRA kapab, selon jan li vle, sibvansyone founisè danre alimantè EFAP ki sètifye ki ap chèche elaji pwogram alimantè ann ijans yo a, oswa òganizasyon ki pa gen objektif fè lajan ki ap chèche etabli pwogram alimantè ann ijans ki respekte egzijans ki nan chapit sa a.

§ 4-09 Siveyans Founisè Danre Alimantè ak Eqzamen Re-Sètifikasyon Anyèl.

Pou founisè danre alimantè EFAP ki sètifye yo kenbe sètifikasyon yo a, yo dwe toujou respekte egzijans pwogram nan epi pase yon eqzamen re-sètifikasyon HRA chak ane. Nan eqzamen re-sètifikasyon chak ane a, ap gen omwen yon vizit chak ane nan lokal founisè ki resevwa repatisyon danre alimantè yo sou baz chapit sa a. Si HRA rann li kont yon founisè pa toujou respekte egzijans pwogram nan, HRA kapab diminye, sispann oswa kanpe sou repatisyon danre alimantè founisè a oswa anile sètifikasyon founisè danre alimantè EFAP li a. Anvan HRA diminye, sispann oswa kanpe sou

repatisyon danre alimantè yon founisè oswa anile sètifikasyon founisè danre alimantè EFAP li a, HRA ap bay founisè a yon avi ak yon opòtinite pou li konteste sa alekri.

§ 4-10 Retabli Sètifikasyon Founisè Danre Alimantè ki te anile.

Yon founisè danre alimantè yo te anile sètifikasyon founisè danre alimantè EFAP li a selon seksyon 4-09 la, kapab mande pou yo retabli sètifikasyon sa a lè founisè a montre, nan yon fòm oswa yon fason HRA fikse, li ap respekte egzijans pwogram nan si yo retabli sètifikasyon sa a.

**DEPATMAN JIRIDIK NEW YORK CITY
DIVIZYON KONSEY JIRIDIK
100 CHURCH STREET
NEW YORK, NY 10007
212-356-4028**

**SÈTIKASYON SELON
§ 1043(d) MANMAN-LWA A**

TIT RÈG LA: Règ ki jere Pwogram Èd Alimantè ann Ijans

NIMEWO REFERANS: 2021 RG 038

AJANS KI ETABLI RÈG YO: Administrasyon Resous Imèn

Mwen sètifye biwo sa a te egzamine règ yo pwopoze epi yo dekri pi wo a jan seksyon 1043(d) Manman Lwa New York City a egzije sa, epi règ yo pwopoze epi yo dekri pi wo a:

- (i) ekri yon fason ki ap pèmèt yo akonpli objektif dispozisyon legal ki otorize a;
- (ii) pa opoze ak lòt règ ki aplikab yo;
- (iii) ekri yon fason limite pou atenn objektif li genyen an, nan mezi sa posib epi sa apwopriye;
- (iv) gen yon deklarasyon ladan li sou motif ak objektif yo ki esplike règ la ak egzijans règ la mande pou yo respekte yo byen klè, nan mezi sa posib epi sa apwopriye.

/s/ STEVEN GOULDEN
Konseye Jiridik Pwovizwa pou Gwo Antrepriz

Dat la: 1ye avril 2022

**BIWO OPERASYON MAJISTRA NEW YORK CITY
253 BROADWAY, 10th FLOOR
NEW YORK, NY 10007
212-788-1400**

**SÈTIKAS YON / ANALIZ
SELON SEKSYON 1043(d) MANMAN LWA A**

TIT RÈG LA: Règ ki jere Pwogram Èd Alimantè ann Ijans

NIMEWO REFERANS: HRA-31

AJANS KI ETABLI RÈG YO: Administrasyon Resous Imèn

Mwen sètifye biwo sa a te analize règ yo pwopoze epi yo dekri pi wo a jan Seksyon 1043(d) Manman Lwa New York City a egzije, epi règ yo pwopoze epi yo dekri ki referanse pi wo a:

- (i) Fasil pou konprann epi li ekri nan yon langaj ki senp pou kominote oswa tout kominote yo règlemante apa yo;
- (ii) Pa mete twòp enpòtans sou depans pou kominote oswa tout kominote yo règlemante apa konfòmeman ak reyalizasyon objektif règ la; epi
- (iii) Pa prevwa yon peryòd koreksyon paske li pa etabli okenn vlyolasyon, modifikasyon yon vyolasyon, ni sinksyon ki asosye avèk yon vyolasyon.

/s/ Francisco X. Navarro
Biwo Operasyon Majistra a

2 Jen 2022
Dat